# ҚАРАҚАЛПАҚСТАН ЭНЦИКЛОПЕДИЯСЫ: АҒЫМБАЙ АЛЛАМУРАТОВ-МӘДЕНИЙ МИЙРАСЛАР ИЗЕРТЛЕЎШИ.

**Т.Т.Даубаева**
*Нөкис мәмлекетлик педогогикалық институты «тарийх оқытыў методикасы»*

**Л.Т. Нуратдийнова**
*«Қарақалпақстан » теле радио компаниясы, «Алтын қәлем » ийеси*

Орайлық Азия этно+мәдений мийраслары контестинде, Арал бойы –этнос- қарақалпақ халқының бай тарийхы, жоқары мәденияты, тәкрарланбас көркем өнери, урп-әдет ҳәм дәстурлери, бийбаҳа тарийхый, мадений естеликлерин ҳәм материаллық емес мийрасларын үйрениўде интеллектуаль зыялылар, қәнийгелердиң пидайы хызметлери айрықша болды. Академик Сабыр Камалов, тарийх илимлери докторлары: Рзамбет Косбергенов, Уақыт Шәлекенов, тарийх илимлери кандидатлары Жумабай Уббиниязов, Ийгилик Косымбетов, көркем-өнер таныўшы-художник Игорь Савицский, этнологлардан: Хожахмет Есбергенов, Айбийке Бекмуратова, Айназар Отемисов ҳәм Жарылқаған Абдимуратов, Калжанова менен бир қатарда «академия» филиалында, Қарақалпақстан көркем-өнериниң сырларын изертлеген Ағымбай Алламуратов болды.

Қубла Арал теңизи, «төменги» Әмиўдарьяның қуярлығындағы «Ақ қала» аўылында бир неше зиялылар шаңырағы мәкан еткен. Ақ қала-Бердақ шайыр туўылған- муқаддес жер. Сол мәдений ланшафта Молла Алламурат- зийреклиги менен Бухара медресесинде оқыған, саўатлы ахун-ийшан болған.Оның баласы- Ағымбай балалық ҳәм жаслық жыллары социаллық турмыстың, жоқшылықтың, қуўдалаўшылық жыллардың жәбирин көрди, зийрек өспирим ерте есейип, өзин-өзи таныўға ҳәрекет етти.

Ол 1952-1956-жыллары Қарақалпақ мәмлекетлик педагогикалық институттың филология / рус тили ҳәм әдебияты/ факультетинде оқыды, соң дәслеп аўыллық мектепте муғаллим, Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесинде

билимлендириў, мәденият ҳәм илим мәселелери бойынша хызметкер (референт) болып жумыс иследи.

1961-жылы Өзбекстан Республикасы Илимлер Академиясы Қарақалпақстан филиалы баслығы, биринши академик Марат Нурмухаммедовтың мираты менен «тарийх, тил ҳәм әдебият институттына» /ҳәзирги- Қарақалпақ комплексли гуманитарлық илим-изертлеў институтына/ жумысқа келди.

Оның интеллектуаль қабилетлиги, дөретиўшилик уқыбы, илимий ой-пикири, миллий қәдириятлар ҳәм миллий көркем өнерге деген ықласы, көрегенлигин сезген көркем өнер таныўшы-режиссёр Төреш Алланазаровтың ғамхорлығы ҳәм жол көрсетиўинде Орайлық қалаларда көркем өнер сырлары менен шуғылланыўға киристи. Москва қаласына «Көркем өнер илимий изертлеў институттына» стажёр- излениўшилик болып оқыўға барды. Россия Илимлер Академиясының «Көркем өнер илимий изертлеў институтында / 1965-1968-жыллары/ көркем өнер илиминиң сырларын үйренди, сол жерде аспирантурада оқыды. Қарақалпақстанда көркем өнер илимлери бойынша миллий қәнийге А.Алламуратов 1970-жылы **«Қарақалпақ халқының қол өнери- кесте тоқыўдың көркемлик өзгешеликлери»** атамасында кандидатлық диссертация жумысын жақлайды. Қарақалпақ халқының көркем-өнери, оның турлери әсиресе кесте тигиўдиң шеберлигин, оның сырлары бойынша Республикамыздың барлық район ҳәм аўылларында жеке илимий сапарда ҳәм қурамалы экспедицияларда болды. Ол ел-журт ишиндеги қолы гул кәсип-өнер усталарды, шебер-тоқыўшыларды излеп табып, олардан этнография ҳәм көркем өнер илимлерине зәрүрли, бийбаҳа мағлыўматлар жыйнаған еди.

Алым қарақалпақ халқының қол өнери, хожалық мәденияты ҳәм оның түрлери тийкарында, ата-бабаларымыздың социал-экономикалық ҳәм мәдений өсиў дәрежеси қандай болғанын көрсетип берди. Қарақалпақларда қол өнериниң түрлери: ағаштан зат ислеў, нағыс ойыў, териден зат ислеў, көншилик өнер: гилемшилик, отаўларды безеўге ҳәр қыйлы нағыслы қур тоқыў: кесте тоқыў, ҳаял-қызлардың кийиниў мәденияты ҳәм эстетикасында, гөззаллық, саўлат бериўши көк көйлек, қызыл киймешек, сәўкеле қусаған безениў затлар тоқыў, кестелеў өнери: халқымыз ишиндеги зергерлик, мысгерлик, сүйекке нағыс ойыў, гүлалшылық, темиршилик ҳәм өнерментшилик түрлери оның өзгешиликлери туўралы арнаўлы изертлеў жумысларын алып барды. Қарақалпақ халқының материаллық мәденияты (кийимлери, мәкан жайлары, аўқатлары, муқаддес орынлары) бойынша Европалы, Россиялы алым-қәнийгелер қызықсынып, дыққат

бөлген, олардың мийнетлеринде ата-бабаларымыздың буйымларын бир мәўритте көргенин қабыл етиўи, таңланыўы,суйиспеншилиги тийкарында жазылған еди. Алымның өзгешилиги-узақ аўылларда халық ишинде, усталар устаханасында болып, көрип, мәнаўий қанаатланып, илимий баҳалап жазған еди. Ол жудә қәдириятларды, миллий мийрасларымызды жақсы көрген ҳәм үгит-насиятлаған.

Қарақалпақ халқының көп әсирлик руўхыйлығы ҳәм миллий қәдириятлары, урп-әдет ҳәм дәстурлерин, көркем өнери ҳәм оның турлерин асырап-абайлап сақлаў, қәстерлеў, оларды жас әўладтың жүреги ҳәм санасында терең сиңдириў, диний муқаддес орынларды үйрениў, бабалар қәбирлерине ҳүрмет-иззетте болыў мәселелеринде мақалалар жазды. Қарақалпақ «ақ отаў»ды қайта жанландырыў, өзликти аңлаў, миллийликти көрсетиў мәселесинде «Әмиўдарья» журналында мақала жәриялады, лейкин, сол заманда миллийликти көтермелеў –компартия идеологиясына қайшы келип қатты сынға алынды.!? .

Қарақалпақстан мәденияты, эстетикасы, көркем өнери ҳәм оның түрлери бойынша бир нешше дүркин илимий ҳәм жәмийетлик дыққатқа ылайық мақалалар жәриялады. Қарақалпақ халқының жасалма- декоративлик көркем өнери, ҳаял-қызлардың миллий кийимлери (сәўкеле, көк койлек, қызыл киймешек) халық жыраўлары, халық бақсыларының кестеси, ҳаял-қызлар тағыншақлары: ҳәйкел, төбелик, гүмис тақыяларды сақлаў, раўажландырыў, өзликти аңлаў, миллий қадириятларға ҳүрмет мәселелерин мәнаўий мәртлик көрсетип жазған еди. Өзбекстан Республикасы Илимлер Академиясы Қарақалпақ филиалы (бөлими)ниң бурынғы «тарийх, тил ҳәм әдебият институтты» ның бир неше мартебе шөлкемлестирген этно+тарийхый ҳәм этно+көркем-өнер экспедициясына Ағымбай Алламуратов басшылық етти.

Өзбекстан Республикасы Илимлер Академиясы Қарақалпақ филиалы (бөлими) бурынғы «тарийх, тил ҳәм әдебият институтында» комплексли илимий бағдарлама: тарийх ҳәм мәдений естеликлерди уйрениў, илимий баҳалаў, қорғаў ҳәм оннан пайдаланыў бойынша Орайдың тапсырмасы, Москвадан келген арнаўлы ўәкилдиң кенесгөйлигинде дәслепки мәртебе диярымыздағы этнотарийхый ҳәм мәдений естеликлерди үйрениўге итибар, дыққат берилди.

Арал дияры қарақалпақлар, арқа регион Қарақалпақстан аймағы тарийхый ҳәм мәдений естеликлерге бай, өзгеше, изертлеўге ылайық тарийхый этно+георафиялық ланшафт еди. Қарақалпақ халқының бийбаҳа -дастиярлы естеликлери-этноархеологиялық жақтан изертленбеди, тек Устюртиң мәдений

мийраслары, бул халықтың естеликлери бар, келешекте үйренилиўи керек ,- деп баянатларда көрсетилди.

1985-жылы жаз айында «Тарийх, тил ҳәм әдебият институты» шөлкемлестирген комплексли экспедиция басшысы: Ағымбай Алламуратов ҳәм қурамында: көркем өнер таныўшы Абдимурат Жарылқағанов, тарийхшылар Емберген Даўлетбаев, Онғарбай Юсупов, Шымбайлы үлке таныўшы ветеран, қаты қулақ Узақ ата Рахметуллаев, нураный ата Тилеумурат ата Төлегеновлар болды.[1]

Олар қатнасыўында Шымбай аймағындағы тарийхый ҳәм мәдений бийбаҳа естеликлер, муқаддес жайлар анықланды. Қасым Әўезов атындағы пахташылық хожалық аймағындағы «Жәдик» аўылдағы «Ережеп бийдиң қорған қаласы» анықланды. Ережеп бий, Аға Бабаның қурған жеке иморатлары әсирлер өтип, экологиялық жағдайдан ызғар-кебир ашып, төбешиклер болып қалған. Сол «Жәдик» аўылдың жасы үлкен-нураный Тилеўмурат атамыз Ережеп бий Қулши бий улының тарийхый тәғдирлери, социаллық яднама етип айтып берди.

Алым басшылығында 1985-жылы августта Шымбай аймағы «Мәнжүўли» аўылдағы Аймухаммед ийшанның мешит-медресесин этнокөркем өнер көз-қарастан изертлеў жургизилди. Сол жердеги нураный ата-Турғанбай ата Ибрайымов бул имараттын сырлары, ийеси, усы жердеги руўхый-ағартыўшылық, хат таныў, билим ҳәм тәлим-тәрбия ислери ҳаққында социаллық яднамалар айтты. «Аймухаммед ийшан»ның мешит-медресесинде Әбдиқадир шайыр, Аббаз шайыр-қыссахан, Қасым Аүезовлар оқыған.

Арқа районларда қарақалпақ мусылман архитектуралық қурылыслар, ағашқа нағыс ойыў, ағашқа жазыў усылларын, ҳәр тәреплеме изертленди. «Караөзек» аймағындағы «Серен қала» естелигиниң экологиялық жағдайы анықланды, сол жердеги нураный Абулҳәким атаның «Серен қала» туўралы тарийхый гүрриң, социаллык яднамасы жазып алынды. Караөзек районы «Мәденият» пахташылық хожалық аймағындағы қарақалпақлардың ески муқаддес жайы-қәбиристаны-Мурад шейх (сийх) махбарасы, сол жердеги өнерментши- шойыншы Елиўбай уста қәбири, ел-журт басқарған : Бессары Жәнибек бий, Қарамойын Нурылла бай махбарасы (1853), басқада сакраль «он төрт» обалар, аймақлық тарийхый тулғалардың махбаралары бары аныкланды. Бул үлкемизде, дәслепки мәртебе этнотарийхый ҳәм этномәдений изертлеўлер болды.

Ташкентли архитектор, Нөкисли тарийхшылар ҳәм көркем өнер изертлеўшилер топары Тахтакөпир районы аймағындағы тарийхый, мусылман архитектуралык имаратларды аныклаўда илимий экспедиция өткерилди. Олар Даўқара микроазистеги бийбаҳа естеликлерди барып көрди, экологиялык жағдайларын аныклады. «Қорғанша қала», «Мехтер қала», «Қылыш қала», «Ақ жағыс», «Айдос қала», «Көк өзек» естеликлери, «Бес там» (Бес мешит): «Аннет» ийшан көл бойындағы «Айымбет ийшан медресеси», Бозатаў- Кусхана таўдағы Сүйин ийшан махбарасы, мешити, «Күйик қала» естелиги экожағдайлары анықланды. Ол Қарақалпақстан аймағында дәслепки этнотарийхый ҳәм этнокөркем өнер экспедициясын шөлкемлестириўде сезилерлик үлес қосты. Ол басшылық еткен комплексли экспедиция, қәнийгели илимпазлар диярымыздың арқа аймақларында бир ай илимий изертлеў жумыслары менен шуғылланды. Дәслепки мәртебе, соңғы орта әсир ҳәм жаңа әсирге тийисли қарақалпақ халқының муқаддес жайлары-мешитлер, медреселер, мәнаўият ҳәм әдебиятымыздың арбабларының қәбирлери, қарақалпақлардың жаңа дәўирдеги мәкан жайлары: қорған-қалаларының орны, экологиялық сақланыў жағдайлары анықланды. Мурат шейих, махбарасы туўралы «Дастиярлы естелик» атамада мақала жәриялады.

Қарақалпақ халқының мәнаўияты, музыка көркем өнеринде терең из қалдырған Муўса бақсы махбарасын изертлеў, мәмлекетлик дизимге алыў мәселесин айтты. Қарақалпақ бақсылары ҳәм жыраўларының мүмкин болғанынша толық дизимин «Әмиўдарья» журналында жариялады.

Ол «Қарақалпақ халқының көркем өнери-кесте тоқыў» атамадағы монографиясы ушын Республикалық Бердақ атындағы мәмлекетлик сыйлыққа миясар болды.

Өзбекстан Республикасы көркем өнер Академиясының академики, художник-ҳәйкелтаныўшы, Республикалық Бердақ атындағы мамлекетлик сыйлықтың лауреаты, Жолдасбек Куттымуратовтың заманласы көркем өнер таныўшы Ағымбай Алламуратов ҳаққында Қарақалпақстан радиосында еске тусириўлерин айтты.

Қарақалпақстан көркем-өнер илиминиң дәслепки пидайыларының бири, көркем өнер илиминиң сөнбес жулдызы, Республикалық Бердақ атындағы мәмлекетлик сыйлықтың лауреаты, көркем-өнер илимлериниң кандидаты, қәнийгели алым ҳәм устаз Ағымбай Алламуратов-өмир мәўритлери ҳәм

дөретиўшилик мийнетлери-«Қарақалпақстан энциклопедиясы»нан орын алады. Жаңа әсир жасларына үлги альгортим , сүйениш ҳәм мақтаныш болып қалады.[2]

**Пайдаланған әдебиятлар:**


1. Г.Хожаниязов, А .Кудияров «Ережеп бий, Аға баба» Нөкис,2019.
2. А.Алламуратов «Мәңги мийрас» Нөкис, 1994.